



Pou Piblikasyon Imedya: 08/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL ANONSE KANPAY #VAXTOSCHOOL POU OGMANTE POUSANTAJ VAKSINASYON COVID-19 LA PAMI NOUYÒKÈ NAN TOUT ETA A KI NAN LAJ POU LEKÒL

Nouvo sitwèb la nan ny.gov/vaxtoschool pou paran ak responsab yo avèk [resous](#) ki pare pou lekòl ak lokalite k ap òganize evènman #VaxtoSchool yo

Chèn Instagram ki dedye, [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/vaccinate_ny), pou bay edikasyon sou vaksen pou Nouyòkè ak fanmi ki gen laj pou lekòl yo

Sit tanporè #VaxtoSchool yo ouvri nan zòn ki gen pousantaj vaksinasyon COVID-19 ba pami sila ki gen 12 a 17 ane yo ak bis #Vaxtoschool yo pou bay vaksinasyon mobil

SUNY ak CUNY anonse entegrasyon Excelsior Pass Eta a pou efò pou tounen nan kanpis, ak prèv vaksen

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a lansman kanpay #VaxtoSchool (vaksen pou lekòl) nan tout eta a ki gen plizyè aspè pou sipòte ogmantasyon vaksinasyon COVID-19 pami Nouyòkè ki gen laj pou lekòl yo, ki demontre angajman administrasyon li pou rann sante ak byennèt elèv, pwofesè ak fanmi yo yon priyorite prensipal.

Nan kad kanpay sa a, Gouvènè a te anonse yon nouvo sitwèb dedye nan ny.gov/vaxtoschool avèk resous ak materyèl enpòtan pou paran ak responsab Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak kominote lekòl yo. Nouvo sit la gen ladan [enfòmasyon](#), ak yon [Kesyon yo Poze Souvan \(FAQ\)](#) pou paran ak responsab yo, ansanm ak pil [pano ki pare](#) pou lidè lekòl yo sipòte edikasyon ak operasyon #VaxtoSchool nan lokal kominote yo sou plas.

Anplis de sa, Eta a te lanse yon nouvo chèn Instagram, [@VaccinateNY](https://www.instagram.com/vaccinate_ny), pou edike Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak fanmi yo konsènan vaksen COVID-19 la dirèkteman. Nouvo paj rezo sosyal la pral bay kontni ki aksesib ak entèaktif atravè enfòmasyon sou vaksen an ki fasil pou konprann, patenarya kontni pwospektif, konkou konsepsyon rezo sosyal #VaxtoSchool ak videyo rapid ki bay eksplikasyon, asire pa gen okenn bagay ki lese dèyè na efò nou pou bay tout Nouyòkè enfòmasyon sou vaksen COVID-19 la. DOH pral anplifye tou efò edikatif dijital yo nan tout chèn yo a, sa gen ladan Facebook, Instagram ak Twitter.

"Nou te dedye pi gwo resous nan eta a pou pèmèt Nouyòkè nan tout laj ki elijib pran vaksen men dabò, eta a te konsantre sou sitywayen ki pi vilnerab yo epi kounye a nou dwe fokis sou nèt nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Jèn moun New York yo gen mwens chans malad grav anba COVID-19 la men yo kapab toujou pwopaje viris la, epi nou bezwen pou yo pran sa oserye. Nouvo kanpay rezo sosyal #VaxtoSchool inovatè a pral ede nou pase pawòl la bay jèn moun New York yo konsènan enpòtans vital pran vaksen an pou kenbe zanmi, fanmi ak kominote yo an sekirite".

Nan kad efò sa a, Gouvènè a te anonse tou nouvo sit vaksinasyon tanporè COVID-19 #VaxtoSchool yo pral ouvri nan zòn kote done kòd postal yo montre to vaksinasyon pou moun 12-17 ane yo pi ba rapò ak to mwayèn nan tout eta a. Yon pwofesyonèl medikal kominotè ap disponib nan chak sit pou reponn nenpòt kesyon paran ak responsab yo ta genyen konsènan Nouyòkè yo a ki nan laj pou lekòl. An paralèl ak nouvo sit yo, bis #VaxtoSchool yo—efò vaksinasyon mobil yo—ap lanse nan zòn konvenab, ki santre sou lekòl nan tout eta a, tankou espas rekreyatif piblik tankou teren baskètbòl ak pak. Sa ap ede rann vaksen an disponib ak aksesib pou Nouyòkè ki nan laj pou lekòl ak fanmi yo.

Nouvo sit vaksinasyon tanporè pou 12-17 ane yo pral sitiye nan adrès anba yo. Gen plis lokal ki pral anonse.

Mosholu Montefiore Community Center

3450 Dekalb Avenue

Bronx, NY 10467

Ouvri: Vandredi 10 septanm, 10 a.m. - 4 p.m. (Sant Distribsyon 1ye Dòz)

Vandredi 1ye oktòb, 10 a.m. - 4 p.m. (Sant Distribsyon 2yèm Dòz)

Variety Boys & Girls Club of Queens

21-12 30th Road

Astoria, NY 11102

Ouvri: Samdi 18 septanm, 10 a.m. - 4 p.m. (Sant Distribsyon 1ye Dòz)

Lendi 4 oktòb, 10 a.m. - 4 p.m. (Sant Distribsyon 2yèm Dòz)

Eta a ap travay tou avèk kolèj ak inivèsite New York yo pou sipòte efò pou tounen sou kanpis yo, sa gen ladan entegrasyon Excelsior Pass Eta a nan kanpis SUNY ak CUNY nan tout eta a pou yo gen yon mwayen sekirize, verifyab pou aksepte ak swiv prèv vaksinasyon ak/oswa rezilta tèst negatif yo, jan sa aplikab, pou elèv, pwofesè ak anplwaye kanpis. Nouyòkè ki enterese yo kapab rekipere [Excelsior Pass](#) yo osswa [Excelsior Pass Plus](#) jodi a lè yo ale sou epass.ny.gov.

Komisè Depatman Sante Eta New York la, Doktè Howard Zucker, te deklare, "Kòm papa, pedyat ak Komisè Sante Eta a, mwen fyè dèske mwen te travay sou kanpay #VaxtoSchool plizyè fasèt sa a avèk Gouvènè Hochul, pou bay Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, fanmi ak kominote lekòl yo aksè ak vaksen an ak enfòmasyon ki chita sou done konsènan li. Atravè sansibilizasyon fanmi New York yo nan fason ki nouvo, kreyatif ak angajan, nou kapab ede pote vaksen an bay plis adolesan ki elijib pandan n ap kenbe

lekòl nou yo ouvri ak an sante. Vaksen an san danje epi efikas, epi mwen egzòte Nouyòkè ki gen 12 ane ak plis yo pou pran vaksen an pandan yo prale nan #VaxtoSchool, pou yo kapab tounen nan salklas yo merite pandan y ap pi byen pwoteje sante ak sante sila ki ozalantou yo".

Timoun ki gen 12 a 17 ane yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech, ki disponib anba Otorizasyon pou Itilizasyon Ijans pou timoun ki gen 12 a 15 ane epi li apwouve konplètman pou sila yo ki gen 16 ane ak plis. Lòt vaksen COVID-19 yo poko otorize oswa apwouve pou gwoup laj sa a. Si ou se yon paran oswa responsab yon Nouyòkè ki nan laj pou lekòl, ou kapab ale tou sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), voye kòd postal ou nan mesaj bay 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn yon sit vaksen ki pi pre ou. Asire founisè a ofri vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Nou ankouraje paran yo pou asire timoun yo ajou nan tout vaksinasyon ki rekòmande ak obligatwa. Ale sou [sitwèb Depatman Sante](#) pou plis enfòmasyon sou vaksinasyon ki rekòmande pou timoun ak adolesan.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)